

Lwa federal mande pou tout televizyon “Full-Power” sispann difize sou fòm analog pou yo difizyon dijital sèlman apre 17 fevriye, 2009. Tout estasyon kap difize ozetazini jounen jodi a ap sèvi ak toude fòm yo, ni analòg ni dijital. Si w genyen plis pase yon televizyon analogik ki resevwa chanèl gratis ki difize sou onn hertzyan (“over-the-air”) ak yon antèn ki deyò oswa andedan kay la, wap bezwen swa yon televizyon dijital (yon televizyon ki genyen yon reseptè dijital andedan li) oswa yon televizyon analòg ki konekte nan yon bwat konnètè dijital-analòg (li konvèti siyal dijital pou siyal analòg pou w gade sou yon TV analogik) pou w sa kontinye gade pwogram difizyon estasyon pwisans maksimal (“Full-Power”) yo. Gid sila a bay enfòmasyon sou antèn ak sa ki nesèsè pou obteni yon bon resepsyon nan difizyon dijital.

Eseye sèvi ak antèn ou gentan genyen a

Fòk ou konnen ke si televizyon w la genyen bon resepsyon sou chanèl analòg 2-51 ak yon antèn, lit a sipoze resevwa siyal television dijital (DTV) tou, ak menm antèn la. Ou pa bezwen achte ni yon antèn DTV ni yon antèn HDTV pou w sa resevwa siyal DTV oswa HDTV. Sepandan, fòk konsomatè yo konnen ke si yap sèvi ak yon bwat konnètè dijital-analòg, yap bezwen yon antèn kanmenm pou resevwa siyal DTV.

Anvan w fè kelkeswa chanjman sou antèn ou oswa system antèn la, verifye pou wè si l ap resevwa siyal dijital kap difize nan zòn ou. Konekte antèn ou genyen a swa sou yon televizyon dijital, swa sou yon bwat konnètè dijital-analòg ki konekte sou yon TV analòg. Asire w ke TV w pwograme pou resevwa difizyon gratis ki difize avèk onn hertzyan (“over-the-air”) yo (lekontrè de sèvis peyan tankou konpayi kab ak satelit). Li kapab ede w tou pou w ta fè yon “channel scan” (rechèch chanèl) kote televizyon w la ap chache otomatikman pou wè ki chanèl li ka resevwa. Souvan, se sa sèlman wap bezwen fè pou jwenn chanèl dijital yo.

Pou kapab jwenn èd lè w gen pwoblèm resepsyon

Si ou gen kèk pwoblèm resepsyon, enfòmasyon ak konsèy ki annapre yo pral ede w amelyore respesyon ou pou emisyon dijital yo.

- Pandan tranzisyon an sou televizyon dijital, anpil estasyon ap travay avèk nivo pwisans ki redui. Si w pa p resevwa sèten estasyon televizyon dijital, sa pa vle di fòseman gen yon pwoblèm avèk antèn ou oswa avèk reseptè w. Tcheke avèk estasyon an pou wè si yo gen entasyon fè kèk chanjam ki kapab amelyore resepsyon an.
- Lè yon siyal televizyon analogik fèb oswa resevwa entèferans, estatik, lanèj ak distòsyon konn parèt souvan sou ekran an, men ou kapab gade imaj la atravè bri a. Difizyon dijital pral founi yon imaj ki klè menmsi siyal la fèb e menmsi gen entèferans. Sepandan, si siyal la tonbe anba yon sèten pwisans minimal, imaj la kapab disparèt soudènman. «Efè falèz sa a» vle di si w konn gade anjeneral estasyon televizyon analogik ki gen anpil estatik ak distòsyon, ou petèt déjà ajiste oswa pase nan vèsyon siperyè system antèn pou kapab jwenn yon bon siyal ki fyab pou emisyon dijital yo.
- Resepsyon televizyon an kapab afekte akòz faktè tankou kalite teren an, prezans pye bwa, lameteyo (lapli, van, imidite), e ekipman ki andomaje/deteryore. Souvan resepsyon dijital kapab amelyore poutèt ou chanje anplasman antèn lokal ou sèlman. Lè ou pran distans



avèk lòt objè ak estrikt, oswa ou mete l nan won pwen ki pi wo kapab amelyore respasyon an.

- Anpil antèn bezwen oryante oswa ou dwe mete yon an direksyon siyal ki pi bon an ki sòti nan estasyon w ap chèche resevwa a. Konsènan antèn andedan kay, w ap petèt dwe fè sa manyèman nan chèche owaza. Pou antèn ki andeyò yo, yon ti mote ki oryante antèn la kapab amelyore pèfòmans lan, sitou lè w ap eseye resevwa estasyon ki transmèt apati divès andwa.
- Estasyon televizyon kap difize dijital sèvi ak ni ban VHF (chanèl 3-12) ak UHF (chanèl 14-51). Anpil antèn anndan kay sèvi ak antèn yo rele “rabbit ears, oswa zorèy lapen” yo pou ban VHF, epi yon antèn “Bow-Tie oswa Ne Papiyon” pou ban UHF. Asire w ke wap sèvi ak yon antèn ki kouvri toude ban, VHF ak UHF yo, epitou ke w byen konekte l.
- Antèn senp pou andedan kay la, tankou zorèy lapen, founi yon pèfòmans minimal ki kapab bon oswa pa bon pou kote w rete a. Si w pa kapab jwenn yon resepsyon ki satisfèzan avèk antèn aktyèl ki andedan kay la, ou ta petèt dwe jwenn yon antèn pou andedan kay la ki gen ladann karakteristik pou amelyore resepsyon siyal UHF ak/oswa yon anplifikatè pou ranfòse siyal ou resevwa a (se sa yo konn rele yon antèn aktif pou andedan kay la).
- Anjeneral, yon antèn deyò ka yap genyen yon pibon resepsyon pase yon antèn ki andedan kay la. Si ou gentan genyen yon antèn ki deyò ki genyen yon bon kalite resepsyonchanèl ban VHF ak UHF yo, antèn ou a ta sipoze mache korekteman ak televizyon dijital.
- Pèfòmans antèn ki deyò yo kapab degrade ak letan poutèt sibi maltretman anviwonman a. Si w gen pwoblèm, asire w pa genyen kab ki lage oswa ki manje, kèk pies kit a kase, epitou ke antèn la pwente nan bon direksyon a.
- Eseye kite kab nan mitan antèn la ak reseptè a toukout pou yon resepsyon miyò
- Ou kapab sèvi ak yongrenn antèn pou distribye difizyon dijital la nan plizyè televizyon andedan kay ou. Sonje sèlman, chak televizyon analòg ki konekte sou antèn la ap bezwen pwòp bwat konvètè dijital-analòg pal pou w sa gade difizyon pwogram dijital yo.
- “Splitters oswa Separatè” yo itilize pou konekte yon antèn sou plizyè reseptè diminye sou fòs siyal ki disponib pou chak reseptè. Si ou gen pwoblèm siyal, eseye retire “splitter/Separatè” a pou wè si resepsyon amelyore.
- Si w toupre yon antèn difizyon, resepsyon estasyon sila a ak lòt estasyon kapab pèdi akòz siyal la ap twò fò. Se pou w ta konsidere mete yon atenyatè oswa retire anplifikatè yo pou amelyore resepsyon w.
- Si w deside ranplase oswa amelyore antèn ki deyò kay la, sit entènèt tankou www.antennaweb.org bay enfòmasyon sou lokalizasyon antèn difizyon y oak ki kalite antèn kap bon pou resevwa estasyon out a renmen yo. Si w bezwen asistans pou chanje sistèm antèn ou, cheke kay yon vandè antèn local oswa yon moun ki enstale antèn.

Pou piplis enfòmasyon sou tranzisyon DTV a, ale sou www.dtv.gov oswa kontakte FCC a sou e-mail dtvinfo@fcc.gov; rele 1-888-CALL-FCC (1-888-225-5322) pou yon vwa oswa 1-888-TELL-FCC (1-888-835-5322) TTY; faxe 1-866-418-0232; oswa ekri bay:

Federal Communications Commission
Consumer & Governmental Affairs Bureau
Consumer Inquiries and Complaints Division
445 12th Street, SW
Washington, DC 20554

###

3/14/08

